



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA SOU TEKSTIL NEW YORK POU RANFÒSE ENDISTRI FABRIKASYON NEW YORK

### *Lejislasyon (S.8741A/A.9649A) elaji kapasite Eta a pou sipòte kwasans transfòmasyon ak fabrikasyon fib animal ak vejetal*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.8741A/A.9649A) pou sipòte fabrikasyon tekstil New York atravè pwogram devlopman ekonomik yo. Pwogram sa yo gen ladan elaji prim rekonesans agrikòl anyèl yo, fòmasyon sou pwosesis akizisyon eta a pou ti biznis yo, ak pwogram Excelsior Jobs pou pwodui ak pwosesis ki gen rapò ak New York.

"N ap rasanble envèstisman solid nan tekstil ki kiltive ak fabrike nan New York, pou ede asire biznis nou yo rete solid ak inovatè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a, ki pral sipòte kiltivatè New York yo epi poze fondasyon pou elaji endistri tekstil k ap grandi yo ki rele eta sa a lakay yo, sa ki pral ede ankouraje kwasans ekonomik pou plizyè deseni k ap vini yo".

Lejislasyon (S.8741A/A.9649A), ki rele Lwa sou Tekstil New York (New York Textile Act), pral ede konekte kiltivatè ki pwodui fib plant oswa animal ak endistri tekstil la nan fason ki sipòte inovasyon, devlopman dirab, ak nouvo opòtinite maketing pou fib plant ak animal yo kiltive nan New York. Nan apiye sou demann lokal la pou tekstil, fib New York pouse soti nan chanv, mouton, kabrit, alpaga ak lòt sous pral kreye nouvo opòtinite pou fèm ak pwodiktè tekstil yo.

Lwa a espesyalman:

- Etabli limit acha diskresyonè pou ajans piblik yo achte pwodwi animal oswa fib plant oswa pwodwi tekstil ki fèt ak fib animal oswa plant yo kiltive oswa pwodui sitou nan Eta New York;
- Etabli yon prim anyèl New York pou fib animal oswa plant ak tekstil yo bay kòm rekonesans efò inabityèl kiltivatè yo, pwosèsè fib yo, ak fabrikan ak revandè tekstil pou tekstil ki fabrike nan Eta New York apati fib animal oswa plant yo kiltive swa pwodui sitou nan Eta New York;

- Amande lwa devlopman ekonomik la pou amelyore dispozisyon ki deja egziste yo nan objektif pou ankouraje ekspansyon endistri pwodiksyon fib animal oswa plant, ansanm ak pwosesis fib ak fabrikasyon tekstil;
- Bati sou pwogram Kiltive ak Sètifye (Grown and Certified) New York ki egziste deja, pou bay sipò maketing pou pwodiksyon ak lavant pwodwi tekstil ki fabrike nan Eta New York apati de fib animal oswa plant yo kiltive oswa ki pwodui sitou nan Eta New York;
- Bay otorizasyon pou depatman devlopman ekonomik pou bay konsèy konsènan rechèch ak devlopman fib animal ak plant ak endistri fabrikasyon tekstil fib ak rechèch aplike; epi,
- Kreye yon Gwoup Travay sou Tekstil Fib Natirèl, ki prezide pa Komisè Depatman Agrikilti ak Mache yo pou (a)ogmante kontribisyon ekonomik ak opòtinite travay ki gen rapò ak agrikilti fib animal ak plant ak fabrikasyon tekstil nan Eta New York; (b)ogmante investisman prive nan, ak itilizasyon, fib natirèl Eta New York ki pwodui ak trete nan tout kategori tekstil; fabrikasyon ki gen ladan rad, pwodwi tekstil kay, tekstil endistriyèl, ak pwodui swen sante; (c) amelyore konpreyansyon piblik ak apresyasyon pou tekstil fib natirèl; epi (d) ogmante opòtinite pou ekspòtasyon ak mache pou tekstil fib natirèl New York pwodui.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare,** "Nou fyè pou nou akeyi kiltivatè tekstil fib animal ak plant nou yo pou vin patisipan pwogram Eta New York Kiltive ak Sètifye, ki bay plis opòtinite maketing ak pwomosyon pou moun ki pwodui pwodwi yo nan yon estanda ki pi wo avèk yon je sou dirabilite anviwònman an. Tekstil yo pwodui lokalman, ak kiltivatè ki fè yo, se yon pati enpòtan nan agrikilti New York, epi nou pa ka tann pou nou sipòte pwodiktè nou yo pandan y ap devlope biznis yo, ki pral, an retou, bay yon koutpous nan ekonomi Eta a ak kominote lokal nou an".

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Nou te kreye Lwa sou Tekstil New York la pou fè New York tounen yon gwo pisans ekonomik ak klimatik nan tekstil ki kiltive nan fèm, epi siyen li jodi a se yon viktwa masiv ki ankouraje sektè fabrikasyon k ap grandi sa a pou l devlope rapid. Lanse pa lejislasyon nou an, tisi alavni yo pral grandi nan fèm New York avèk ankourajman pou ti biznis pou sipòte yon ekosistèm fabrikasyon nan tout eta a. New York pral dirije inovasyon nan domèn tisi, epi mwen remèsye kòlèg mwen ki se sipòtè pou pwojè lwa a, Manm Asanble, Carrier Woerner, pou patenarya li sou lwa sa a k ap kreye endistri a ak Gouvènè Hochul paske li te siyen li".

**Manm Asanble Carrie Woerner te deklare,** "Istorikman, New York se te yon eta prensipal ki pwodui tekstil. Lwa sa a rekonèt enpak pozitif ekonomik ak anviwònman an ak potansyèl san limit endistri tekstil fib animal ak plant nan eta nou an. Nouvo lwa a pral sipòte ak elaji tout aspè pou transfòme fib animal ak plant yo pou tounen tekstil bon kalite epi li pral ede pwogram ki egziste deja tankou Pwojè Tekstil Hudson Valley ki deja ap rebati endistri tekstil New York la. Soti nan kredi taks ak enklizyon nan maketing pwodwi eta yo, rive nan fòmasyon ki ka mennen nan kontra akizisyon eta, pwojè lwa sa a rekonèt potansyèl yon endistri fabrikasyon tekstil solid ak konplè nan eta sa a. Mwen espesyalman eksite konsènan etablisman yon prim anyèl kòm rekonesans efò inabityèl moun ki travay nan tout aspè nan fabrikasyon tekstil fib plant oswa animal. Nouyòkè yo

anbrase difikilte yo epi mwen konnen nou pral wè bèl inovasyon avèk ankourajman sa a".

New York se kapasite mòd monn lan, avèk plis pase 900 konpayi mòd ki gen syèj sosyal yo nan Empire State. New York te istorikman yon eta prensipal ki pwodui tekstil, epi pwogram modèn tankou Pwojè Tekstil Hudson Valley te travay pou ranfòse endistri tekstil New York yon lòt fwa ankò. Pwojè lwa sa a pral kontinye inisyativ sa a, k ap travay pou elaji kapasite pwodiksyon tekstil New York.

Tekstil dirab yo se avni mòd la, epi Eta New York pare pou li trase chemen an nan pwodiksyon materyèl sa yo ki responsab ekolojikman. Tekstil entelijan yo se yon endistri dènve kri ki gen aplikasyon pou anpil pwofesyon, soti nan atlèt rive nan premye sekouris yo ak pwofesyonèl medikal yo.

Gouvènè [te anonse anvan sa](#) 10 milyon dola finansman Eta a pou Fashion Innovation Center (FIC), ki pral ankouraje yon apwòch kolaboratif pou itilize tekstil entelijan ak dirab ki pwodui nan Eta New York yo. FIC la pral mande, evalye, ak sipèvize pwojè ki konsantre sou abòde defi ak opòtinite endistri yo, ak priyòrite yo bay moun ki enplike itilizasyon rekòt ak entran materyèl Eta New York yo, ak kiltive teknoloji ki akselere dirabilite nan endistri mòd ak tekstil la. Atravè yon pwosesis konpetitif, FIC la pral bay ti biznis Eta New York yo ki nan endistri mòd la finansman sibvansyon, ki ofri yon koneksyon enpòtan ant lidè endistri yo ak inovasyon ak sipò pwojè ki vize amelyore dirabilite endistri yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418